*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№61 (26034)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2024 азы 9 апрель — хуымгæнæны мæйы 9 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 НЫСАНТÆ
*Ахуырадон кусæндæтты цалцæгæн*

3 ЦАРДЫ НЫВТÆ
*Кæдæм?! Æрмæстдæр размæ!*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Хъæбысхæст*

**Кусæг балц**

## Уæлæдарæс – амалхъомады алы къабæзтæн

**Республикæйы разамонæг Сергей МЕНЯЙЛО бабæрæг кодта компани «БТК групп»-ы куыстадон фæзтæ. Кусæг балцы йемæ уыдысты республикæйы ахуырад æмæ наукæйы министр АЛЫБЕГТЫ Эллæ æмæ Адæмæн куысты бынæттæ дæттыны комитеты сæрдар ЦЪÆХИЛТЫ Чермен.**

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг федта, куыст куыд арæзт у, хуыйджытæн дзы цавæр уавæртæ ис, уыдæттæ. Компани уадзы амалхъомады алыхуызон къабæзтæн сæрмагонд уæлæдарæс. Куыстуат æххæст у æппæт фæрæзтæй, ацы ран скæрдынц æмæ бахуыйынц дарæс. Дзæуджыхъæуы фыццаг цех фæзынд 2022 азы июлы, ныртæккæ дзы кусы дыууæ цехы, ноджыдæр ма иу цæттæ у байгом кæнынмæ. Фабричы кусынц 170 адæймаджы, 110 сты хуыйæн ифтонггæрзты оператортæ, 15 та – ахуырдзаутæ.

Компанийы минæвар куыд радзырдта, афтæмæй сæм ис уæрæхгонд социалон лæггад, ома, хъарм хæринаг куыстуаты разамындæй, æмхуызонæй сæ райсомæй æрбаласынц æмæ сæ фæстæмæ дæр сæмбæлын кæнынц сæ хæдзæрттыл, медицинон æркаст ацæуынц. Кусджыты сывæллæттæн сæ бон у сæрдыгон сæ фæллад суадзын дзæбæхгæнæн бынæтты æмæ спортивон лагерты. Ипотекæ чи фиды, уыдонæн ис фиддонты ныхмæ æхца куыстуатæй 50 проценты райсыны фадат.

Ацы ран ма кусджытæн сæ бон райсын у премитæ, азы хатдзæгтæм гæсгæ дæр сæ æхцайæ схорзæхджын кæнынц, фæллойадон стажы бæрц нымад цæуы, бæрæгбæтты дæр æнæ цæстæнгасæй нæ баззайынц. Хуыйæн фабричы разамынды фæнды сæ кусджыты рæзтыл бацархайын, алкæмæн дæр фадат ис уæлæмхасæн ахуырад райсынæн, зæгъæм, Бетъырбух æмæ Ивановойы горæтты. Сæ цæттæдзинад фæбæрзонддæр кæнгæйæ, компанийы мидæг схиздзысты уæлдæр бынæттæм. Чи суыдзæн хуыйæн ифтонггæрзты оператор, чи та – мастер æмæ технолоджы бынат бацахсдзæн.



Ныртæккæ фабричы ис 100 уæгъд бынаты, куыстмæ хонынц фæлтæрджын хуыйджыты кæнæ, æппындæр хуыйын чи нæ зоны, фæлæ сахуыр кæнын кæй фæнды, ахæм адæмы. Ахуыры рæстæг адæймаджы бон у стипенди 27 мин сомы исын. Республикæйы 'рдыгæй куыстуатæн кадрты фæдыл цавæр æххуыс бакæнæн ис, уый тыххæй дæр ныхас рауад. Тагъд «БТК групп»-мæ æрбацæудзæн 4-æм профессион лицейы рауагъдонты æртæ къорды. Дипломтæ райсыны фæстæ сæ бон у куысты ныллæууын.

Сергей Меняйлойы ныхасмæ гæсгæ, хъуамæ лицейы ахуырадон программæ ивд æрцæуа, фæфылдæр уыдзысты практикон сахæттæ. Алы мæй дæр фабрикмæ æрвитдзысты хуыйджыты иу къорд, сæ арæхстдзинадыл æфтдзæн. «Кæстæртæ исдзысты хистæрты фæлтæрддзинад, дарддæр хиздзысты дæсныйады уæлдæр æмвæзадмæ», – загъта Сæргълæууæг.

Уымæй уæлдай, республикæйы районты цæрджытæй кусын кæй фæнды, уыдоны-иу æрбаласдзысты фабрикмæ, æппæт фадæттимæ сæ зонгæ кæндзысты. Сергей Меняйло куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй æрмæст фæсивæды нæ исдзысты хуыйæн фабрикмæ, фæлæ хистæр кары сылгоймæгты дæр. «Бузныджы ныхæстæ мæ фæнды зæгъын «БТК групп»-ы разамонæг Боллоты Таймуразæн. Инвестор бæстыхай балхæдта, рацарæзта йæ æмæ дзы сарæзта нырыккон уавæртимæ куыстуат. Иннæ инвестортæн дæр уый бафæзминаг у», – загъта республикæйы Сæргълæууæг.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Нымæцтæ æмæ бæрæггæнæнтæ**

## Сæйраг хæс – адæмы цард бахъахъхъæнын

**Паддзахадон Думæйы Уæрæсейы премьер-министр Михаил МИШУСТИН ивгъуыд азы Хицауады куысты бæрæггæнæнты тыххæй цы доклад скодта, уым видеоконференцбастдзинады хуызы архайдта Цæгат Ирыстоны Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз.**

Æмбырды хатдзæгтæм гæсгæ, РЦИ-Аланийы Парламенты спикер радзырдта, хицауады æппæт къæпхæнтæ дæр ацы аз сæйрагдæр сæ куысты се 'ргом цы фарстатæм здахдзысты, уыдоны тыххæй.

– Алы бон дæр уынæм, нæ царды хорзæрдæм цы бирæ ивддзинæдтæ цæуы, уыдон, фæлæ сæ иу доклады адæймаг уыцы иумæ куы фехъусы, уæд дзы зæрдæ барухс вæййы. Экономикæйы, ахуырады, æнæниздзинад хъахъхъæнынады, хъæууон хæдзарады, культурæйы къабæзты рæзт бантыст раст паддзахадон æмæ дзуапджын бюджетон политикæйы руаджы. Æппæт уыдон сæххæст кæнын къухы бафтыд паддзахадон программæтæ, национ проекттæ æмæ бирæ пайдайаг хъæппæристæ царды рауадзыны æххуысæй.



Бындуронæй ивд æрцыд æнæниздзинад хъахъхъæнынады фыццаг цæг, æртæ мин объекты сарæзтой, 147 мин иуæджы балхæдтой медицинон ифтонггæрзтæ, тагъд æххуысы фондз мин машинæйы. Бæстæйы æппæт дадзинты центрты фыццаградон хайæдты ног, нырыккон техникон фæрæзтæй сифтонг кодтой. 500 дæлхайады байгом кодтой, онкологон низтæ кæмæ ис, уыдонæн æххуысæн.

Хицауад йæ хъус дары фæсивæды патриотон хъомылад, хæлцадон æдасдзинад, нæ бæстæйы финансон хæдбардзинады фарстатæм. Докладгæнæг фæнысан кодта, Уæрæсе хомаджы экспортæй раздæрау дæлбар кæй нал у.

Хицауады боны фæтткы Уæрæсейы субъектты рæзты фарстатæм у къæрцхъус. Уый тыххæй дзурæг у, 50 проценты кæй фæфылдæр сты регионты иумæйаг æфтиæгтæ, стæй инвестицити рæзт.

Президент фыццаджыдæр цы хæс æвæры, уый – адæмы цард бахъахъхъæнын. Хуыздæрæрдæм ивынц социалон æххуысады мадзæлттæ бирæсывæллонджын бинонтæн, мадæлтæ æмæ сывæллæттæн.

Рæзы промышленнон къабаз дæр, фæстаг дæс азы мидæг фыццаг хатт йæ бæрæггæнæнтæ фæфылдæр сты авд проценты. Æппæты уæлдæр бæрæггæнæн æвдисы хæдтулгæтæаразæн комплексмæ.

Стыр æргом здæхт цæуы наукæ æмæ техникæйы рæзты фарстатæм. Уый тыххæй Цæгат Ирыстоны Парламенты дæр иудадзыг байхъусæм, наукæ æмæ техникæйы политикæйы закъоны нормæтæ куыд æххæстгонд цæуынц, уымæ. Æнæдызæрдыг, нæ республикæйы уæлдæр ахуырадон æмæ наукон уагдæтты фаг ис кадртæ, наукон-техникон фæрæзтæ бæстæйы технологон рæзты архайынæн.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

**Уынаффæ**

## Беруаты Барисы ном – хохæн

**Цæгат Ирыстоны Кавказаг сæйраг рагъы хохæн радтой профессор, географион наукæты доктор, Уæрæсейы Федерацийы наукæйы сгуыхт архайæг Беруаты Барисы ном. Уый тыххæй бардзырд бафыста Уæрæсейы Хицауады Сæрдар Михаил МИШУСТИН.**

Документы загъд ис: «Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты фæндонмæ гæсгæ, Уæрæсейы Федерацийы наукæйы сгуыхт архайæг Беруаты Барисы ном сæнусон кæныны тыххæй Кавказаг сæйраг рагъы Цæгат Ирыстоны фæзуаты æнæном хохæн раттын ном «Беруаты Барис» ахæм бæрæггæнæнтимæ: 42°46,8 цæгатаг уæрхад, 44°33,6 скæсæйнаг уæрхад æмæ йæ абсолютон бæрзæнд – 3 596,5 метры».



Беруаты Барис йæ цардæй ахицæн 2020 азы 22 майы, цыди йыл 84 азы. Профессор Беруаты Барис ма уыди Уæрæсейы Федерацийы наукæйы сгуыхт архайæг, Цæгат Ирытоны культурæйы сгуыхт кусæг, Советон Цæдисы спорты мастер, Уæрæсейы сгуыхт бæлццон. Хорзæхджын уыд «Кады Нысан»-ы орден æмæ бирæ майдантæй. Ныффыста 750 наукон куыстæй фылдæр: уацхъуыдтæ, монографитæ, чингуытæ, проспекттæ, наукон докладтæн тезистæ æмæ афтæ дарддæр.

**БУТАТЫ Азæмæт**

**Форум**

## Зонындзинæдты дунемæ – ныфсджынæй

**Цæгат Ирыстоны 8-12 апрелы йæ куыст кæны канд нæ республикæйы нæ, фæлæ æнæхъæн Уæрæсейы дæр Курчатоваг фыццаг ахуырадон форум.**

Афæдзы размæ РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** æмæ Курчатовы институты президент, советон æмæ уæрæсейаг физик **Михаил Ковальчук** бафыстой æмгуыстады бадзырд. Уый бындурыл нæ республикæйы Алагиры 2-æм, Дзæуджыхъæуы 44-æм, 38-æм æмæ Хæзныдоны астæуккаг скъолаты байгом сты Курчатовон кълæстæ. Форум арæзт цæуы паддзахадон программæйы бындурыл, Цæгат Ирыстоны бæлвырд æмæ иннæ наукæтæм курдиат кæмæ ис, уыцы сывæллæтты дарддæры профессион рæзты æххуысæн.

Знон форумы фыццаг бон ацыд Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты. Архайдтой дзы: РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло, Парламенты Сæрдар **Тускъаты Таймураз**, ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ**, Курчатовы институты программæтæ æмæ проектон архайды управленийы департаменты директор **Павел Аркатов**, ЦИПУ-йы ректор **Огъуаты Алан**, скъоладзаутæ, студенттæ æмæ ахуыргæнджытæ.

Форумы архайджытæн, уæлдайдæр скъоладзаутæн зæрдиаг арфæтæ ракодта Сергей Меняйло. Уый загъта:





– Курчатовы институт нæ бæстæйы у раззагдæр æмæ наукон æгъдауæй тыхджындæртæй иу. Наукон куыст йæхимæ кæй æлвасы, уыцы рæзгæ фæлтæрæн абон нæ республикæ æмæ нæ бæстæйы дæр иттæг хорз фадæттæ ис сæ курдиæтты хъомысы рæзтæн. Цæгат Ирыстоны алы скъолайы дæр байгом «Рæзты тæлм», зæгъгæ, центртæ, «Кванториум»-тæ æмæ республикон центр «Вершина». Ацы æппæт проекттæ арæзт цæуынц курдиатджын сывæллæтты нывыл рæзтæн. Курчатовы институтимæ æмгуыстад уын бирæ хæрзтæ æрхæсдзæн уæ дарддæры царды. Уæндон къахдзæфтæ кæд нæма кæнут, уæддæр уын æххуыс кæндзысты ахуыргæнджытæ. Наукон архайд стыр тыхтæ дæтты раст хъомыладæн, бæрзонддæр æмæ хъæздыгдæр кæны уæ ахуырады æмвæзад æмæ зонындзинæдтæ, – загъта республикæйы Сæргълæууæг.

Скъоладзаутæн раарфæ кодта Тускъаты Таймураз дæр æмæ загъта, ахæм наукон-иртасæн центртæ фидар бындур кæй сты сывæллоны хъомылад æмæ ахуыры фæндагæн.

– Равзарут, циндзинад уын цы хæсдзæн, амонджын цæмæй уыдзыстут, ахæм дæсныйæдтæ æмæ ныфсджынæй уæ равзæрст фæндæгтыл цæут. Уый тыххæй уын бирæ фадæттæ ис. Уырны нæ, кад æмæ ном кæй кæндзыстут нæ чысыл, фæлæ уарзон Ирыстонæн, – загъта Тускъаты Таймураз.

Форумы фыццаг бон ЦИПУ æмæ Курчатовы институт сарæзтой иумæйаг ахуырадон-профориентацион æмæ наукон-рухстауæн мадзæлттæ. Цæгат Кавказы хæххонметаллургон институты та абон скъоладзаутæн инженерон дæсныйæдты ахуыртæ скæндзысты, стæй скъоладзауты ахуырадон наукон проектты конференци дæр. Кæронбæттæн мадзалы та центр «Вершина»-йы бындурыл ацæудзæн нæ республикæйы Сæргълæууæджы кубок рамбулыныл турнир æртæ наукæйæ.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

**Паддзахадон æххуыс**

## Æхсыры куыстад рæзы



**Нæ республикæйы агропромышленнон комплексы алы къабаз дæр ахсджиаг у. Цæгат Ирыстоны фос дарынц 127 куыстуаты. Паддзахад алывæрсыг æххуыс кæны фæллойгæнæг адæмæн. РЦИ-Аланийы хъæууон хæдзарады министр Къусраты Алан куыд зæгъы, афтæмæй грантты æмæ субсидиты хуызы 2023 азы паддзахадон æххуыс радтой 145 милуан сомы, фос чи дары, ахæм хæдзарæдтæн.**

**«Дуцгæ хъуццытæ нæ регионы дарынц 109 хæдзарады. Æхсыры æрдыгъд, ивгъуыд азимæ абаргæйæ, фæфылдæр 39 мин тоннæйы, – зæгъы министр.**

**Парахатдæр кæны фыстæ дарыны къабаз дæр. Ацы куыстмæ се 'ргом аздæхтой 68 хæдзарады. Мадæл фыстæ дарынæн, фермертæн сæ хæрдзты хай бафидынæн, стæй фысвосы нымæц сбирæ кæнынæн ивгъуыд аз субсидитæ радих кодтой 38,4 милуан сомы. Уымæй уæлдай, къабазы райрæзтæн грантты хуызы ивгъуыд аз радих кодтой 30,2 милуан сомы.**

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

### Дзырды фарн

*Сусæг ныхас бауромын зын у.*

*ХЪУЫЛАТЫ Созырыхъо*

**Боныхъæд** Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **9 апрелы,** республикæйы боныхъæд уыдзæн асæст, нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **8-18 градусы хъарм.**

**Боны дæргъ — 13,08**
Хурыскаст — 05,28
Хурныгуылд — 18,37

**Валютæйы аргъ**
Доллар — 92,19
Евро — 100,19

12 +

Нысантæ

# Скъолатæ, рæвдауæндæттæ æмæ æндæр ахуырадон кусæндæтты цалцæгæн

**Парти «Иугонд Уæрæсе» æмæ УФ-йы Рухсады министрады иумæйаг федералон штабы æмбырды бæстон ныхас рауад президентон программæтæ æххæст кæныныл. Штабы уæнгтæ сæйраг æргом аздæхтой, скъолаты бындурон цалцæджы программæйы уагæвæрдтыл регионты цы куыст цæуы, стæй рæвдауæндæттæ æмæ иннæ ахуырадон кусæндæтты модернизацийы программæ бацæттæ кæныныл цы архайд цæуы, уымæ.**



Зындгонд куыд у, афтæмæй иумæйагахуырадон скъолаты бындурон цалцæджы президентон программæ æххæст кæнынмæ бавнæлдтой 2022 азы. Уæдæй нырмæ уæрæсейаг регионты бирæ скъолатæ бавзæрстой модернизаци. Уыцы фæлтæрддзинад хынцгæйæ, программæйыл куыст хæстæгдæр азты адарддæр уыдзæн. Уыцы куыстыл дзургæйæ, «Иугонд Уæрæсе»-йы генералон советы нымæрдар **Андрей Турчак** куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй æрмæст 2024 азы программæйы фæлгæты федералон бюджеты фæрæзтæй бындурон цалцæггонд æрцæудзысты 1053 скъолайы.

Федералон штабы уæнгты хъусынгæнинагмæ гæсгæ, уыцы куыстытæ сæххæст кæныны фæдыл организацион мадзæлттæ æппæт регионты афойнадыл æххæстгонд нæма æрцыдысты. Зæгъæм, иуæй-иу регионты нæма сбæлвырд кодтой, цалцæг кæй бæрны уыдзæн, уыцы подрядон организацитæ. Ахæм æууæл та, кæй зæгъын æй хъæуы, иуцасдæр фæкъуыхцы кæндзæн цалцæггæнæн куыстыты райдайæн. Цæмæй афтæ ма рауайа, уый тыххæй федералон штабы минæвæрттæ бæрнондæр ахаст æрдомдтой регионалон профилон ведомствæтæй.

Рухсады министрады бæрæггæнæнтæм гæсгæ, амынд куыстытæ фæкъуыхцы сты 54 регионы. Уыимæ, цалдæр регионы нæма ахицæн сты, 2023 азы цалцæджы программæмæ цы объекттæ бахастой, уыдоны модернизацийы куыстытæ. Уыцы хъуагдзинæдтæ аиуварс кæныны нысанимæ федералон штабы минæвæрттæ сфидар кодтой сæрмагонд уынаффæтæ.

Дарддæр æмбырды архайджытæ се 'ргом аздæхтой рæвдауæндæтты, техникумтæ æмæ æндæр ахæм ахуырадон кусæндæтты федералон программæ бацæттæ кæныны фарстамæ. Куыд загъдæуыд, афтæмæй ахæм программæ йæ тыхы бацæудзæн 2025 азы. Регионты ныридæгæн цæттæ кæнынц, фыццаградон æгъдауæй цы рæвдауæндæттæ æмæ колледжтæ сцалцæг кæнын хъæуы, уыдоны номхыгъдтæ, стæй рацарæзтæн хъæугæ проектон-сметон документаци. Уыдоны бындурыл арæзт æрцæудзæн амынд программæйы фыццаг къæпхæн.

Рухсады министр **Сергей Кравцов** куыд загъта, афтæмæй, ног программæйыл кусгæйæ, хыгъд æрцæудзæн скъолаты цалцæджы программæ æххæст кæнгæйæ, къухы цы фæлтæрддзинад бафтыд, уый. Йæ ныхасмæ гæсгæ, рæвдауæндæтты цалцæджы программæйы уагæвæрдтæ нысан кæнгæйæ, каст цæудзæн, иу кæнæ иннæ регион бындурон рацарæзты пъланмæ хаст скъолаты нывыладыл куыд архайы, уымæ дæр.

Штабы уæнгтæ се 'ргом аздæхтой ахуырадон кусæндæтты æдасдзинад æмæ æндæр ахæм фарстатæм дæр.

Цæгат Ирыстоны кой кæнгæйæ, æнæзæгъгæ нæй, 2022-2023 азты республикæйы бирæ скъолатæ бындурон цалцæггонд кæй æрцыдысты, уый. 2024-2026 азты цалцæджы программæмæ та бахастой 51 цæгатирыстойнаг скъолайы. Уыцы объекттыл нысангонд куыстытæ афойнадыл райдайыны фарстамæ комкоммæ цæстдард ис РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойы** 'рдыгæй.

«Ауалдзæг республикæ бавнæлдта 25 скъолайы бындурон цалцæгмæ. Иумæйагахуырадон скъолаты цалцæджы программæйы нæ республикæ ахадгæ хуызы архайы, 2022 æмæ 2023 азты нæ къухы бафтыд 66 скъолайы рацаразын (уыдоны ахуыр кæнынц 30 мин сывæллонæй фылдæр). Уыимæ, бæстыхæйтты бындурон цалцæгæй уæлдай, сæрмагонд фæрæзтæ нысангонд цæуы ног ифтонггæрзтæ, ахуырадон литературæ æмæ хъæугæ техникæ æлхæнынæн дæр», – йæ телеграм-каналы ныффыста Сергей Меняйло.

«Иугонд Уæрæсе» æмæ ныййарджыты комитетты минæвæрттæ иудадзыгдæр бæрæг кæнынц, скъолаты цалцæджы графиктæ куыд æххæстгонд цæуынц, уый.

**САНАТЫ Альбинæ**

Бастдзинæдтæ

# Фидæнмæ – «Бавари»-имæ

**Цæгат Ирыстоны егъаудæр хъалонфидæгыл нымад компаниты къорд «Бæгæныфыцæн хæдзар «Бавари» адæмæн куыстдæттæджы хуызы республикæйы разамындимæ нысанмæарæзт ахуырады фæдыл бадзырдтæ фидар кæны.**

Æрæджы компанийы минæвæрттæн уыд хъуыддаджы фембæлд Скъоладзауты æппæтуæрæсеон олимпиадæйы регионалон хайы ерысты раззаг бынæттæ бацахсæг 10-11-æм кълæсты ахуырдзаутимæ.

– Нæ куыстуат разы у фидæны специалистты профессион рæзтыл хæрдзтæ кæныныл. Ныхас цæуы бæсдæргъы компаниты къорд «Бавари» куыстадон практикæтæн фадæттæ аразы. Ацы аз нæм куыстадон практикæ чи ацыд, уыдонæй нæм дыууæ адæймаджы кусын райдыдтой. Скъоладзаутимæ кусын райдыдтам æмæ фидæны специалистты цæттæ кæныны хъуыддагыл хæрдзтæ кæнынмæ цæттæ стæм, – зæгъы «Бавари»-йы Фæстæдæр хуыздæр ахуыргæнæндæтты ахуырад райсæг адæймагæн компаниты къорд «Бавари»-йы кусæн бынат раттынц. Нысанмæарæзт ахуырады тыххæй бадзырд сфидар кæныны фæдыл курдиæттæ исынц ацы мæйы кæронмæ.

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: ахуыргæнæндонмæ ахуыр кæнынмæ бацæуыны размæ абитуриент куыстдæттæгимæ бадзырд кæм сфидар кæны, нысанмæ арæзт ахуырад нымад у ахуырад райсыны ахæм хуызыл. Кусæйы хуыздæр уæлдæр ахуыргæнæндæтты ахуырад æмæ раззагдæр куыстуæтты куыстадон практикæ цæуыныл. Уæлдæр ахуыргæнæндон кастфæуæвæг студентæй цæмæй дæсны специалист рауайа, ацы хъуыддæгтæ уый тыххæй аразæм. Уæлдæр ахуыргæнæндон кастфæуæвæг адæймаг кусын хъуамæ кæм райдайа, нысанмæарæзт ахуырад уый рахатынæн ахъаз кæндзæн. Хъæууон хæдзарады къабазы специалисттæ нæ кæддæриддæр бахъæуынц. Агрономтæ, механизатортæ, инженертæ, маркетологтæ æмæ хæринаггæнджыты хъуаг стæм. Профессион ахуыргæнæндæттимæ раздæрæй парахатдæрæй æмгуыст кæнæм. Фæсивæдæн куыст дæттыны фæдыл бадзырд республикæйы Хицауадимæ сфидар кодтам. Бирæ азты корпоративон университеты директор **Иринæ Азимова**.



Мыггæгты куыстады райрæзты программæйы разамонæг **Светланæ Филиппова** скъоладзаутæн радзырдта компаниты къорд «Бавари»-мæ хауæг куыстуат «Фат-Агро»-йы куысты тыххæй хабæрттæ. Афæдз æмæ æрдæджы размæ Светланæйы æрбахуыдтой цæгатирыстойнаг компанийы кусынмæ. Специалист бафиппайдта рæвдз карьерон рæзт, нывыл мызд, социалон æххуысы мадзæлттæ æмæ куыстадон фæткæн фадæтты дæсны арæзтад.

Нысанмæарæзт ахуырады тыххæй бадзырд сфидар кæныны фæдыл бар райсынæн скъоладзауты хæс у иумæйаг паддзахадон фæлварæн æнтыстджынæй раттыны фæстæ компанийы мидæг конкурс ацæуын. Сæндоны хардзæй кæй райсынц, уыцы нысанмæарæзт ахуырады фæрцы фæстæдæр адæймагæн зæрдæдарæнтимæ кусæн бынат раттынц. Студент йæхимæ райсы документы амынд æвзæрст программæмæ гæсгæ ахуырад ацæуыны æмæ афтæмæй, фондз азы дæргъы куыстуаты бакусгæйæ, хардзгонд ыл фæрæзтæ куыстуатæн фæстæмæ раттыны хæс. Нысанмæарæзт ахуырады тыххæй бадзырд сфидар кæнынæн адæймаджы хæс у уæгъд кусæн бынæтты номхыгъдæй дæсныйад равзарын, нысанмæарæзт ахуырады фæдыл бадзырдтæ сфидар кæныны бар кæмæ ис, ахæм куыстуæтты номхыгъд рахатын æмæ фæстæдæр бадзырд сфидар кæнын.

**ГУЫРЦЪЫТЫ Иннæ**

Съезд

# Уæрæсейы хæдбар профцæдисты федерацийæ

**Мæскуыйы уыд Уæрæсейы хæдбар профцæдисты федерацийы XII съезд. Æртæ боны дæргъы хатдзæгтæ скодтой профцæдисты фæс-таг азты куыстæн, сбæрæг кодтой дарддæры рæзты ног нысантæ. Архайдтой дзы нæ бæстæйы Президент Владимир ПУТИН, фæллой æмæ социалон хъахъхъæнынады министр Антон КОТЯКОВ, æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр Михаил МУРАШКО æмæ иннæтæ.**



Сæ раныхасы бæрæг уыд паддзахады æмæ профцæдисты æмгуыстад. Ахсджиаг хъуыддагыл нымад æрцыд ног программæ «За справедливую экономику!» Программæ ахъаз уыдзæн куысты уавæртæ фæхуыздæр кæнын æмæ социалон рæстдзинадæн.

– Уæ организаци нымад у нæ бæстæйы раззагдæр граждайнаг æхсæнадыл. Уæ хæс у бæрнон: фæллойгæнæг адæмы, куыстуæтты, ахуырад, наукæ æмæ культурæйы къабазы чи архайы, уыдоны кусæг бартæ хъахъхъæнын. Стыр æвæрæн бахастат закъонады рæзтмæ, куыстæдты ахастдзинæдтæ нывыл кæныны хъуыддагмæ, – фæбæрæг кодта Владимир Путин.

Уæрæсейы хæдбар профцæдисты федерацийы разамонæгæй та ногæй нысангонд æрцыд Михаил Шмаков. Йæ кандидатурæйыл схъæлæс кодтой Уæрæсейы хæдбар профцæдисты федерацийы XII съезды делегаттæ.

Михаил Шмаковæн сæ хъæлæстæ радтой, съезды цы 600 делегаты уыд, уыдонæн сæ фылдæр. Профцæдисты раздзог, бузныг зæгъгæйæ, фæбæрæг кодта, йæ равзæрстыл разы чи уыд, афтæ разы чи нæ уыд, уый дæр зæрдиаг куысты нысан кæй у, уый.

– Бузныг уын, кæй мыл бауæндыдыстут, уый тыххæй. Мæ ныхмæ чи схъæлæс кодта, уыдонæн дæр бузныг зæгъын, уымæн æмæ уый у, профцæдисты куыстмæ куыдфæндыйы цæстæй кæй нæ кæсут, уый нысан. Нæ демократи йæ куыст кæны! – загъта Михаил Шмаков.

Уæ зæрдыл уын æрлæууын кæндзыстæм, Михаил Шмаков Уæрæсейы хæдбар профцæдисты федерацийæн разамынд дæтты 1993 азæй нырмæ. Ныр æвдæм хатт æвзæрст æрцыд йæ разамонæджы бынатмæ. Уыцы рæстæгмæ йæ къухы бафтыд канд профцæдисты нымæц бахъахъхъæнын нæ, фæлæ сæ фæфидар кæнын дæр. Ноджы ма йæ фæлтæрддзинад фæ ахъаз, дунейы æппæты хуыздæрыл нымад чи æрцыд, ахæм куыстадон закъонад æмæ, æмбал кæмæн нæй, ахæм æмгуыстадон системæ саразынæн. Нæ бæстæйы уæззау уавæрты ма йæ къухы бафтыд профцæдисты исбонад æмæ фæллойгæнджыты уæлбартæ бахъахъхъæнын дæр.

Æмæ ма ноджы иу æхсызгон хабар – **Касаты Хъауырбеджы фырт Таймураз** æвзæрст æрцыд Уæрæсейы хæдбар профцæдисты федерацийы Генералон Советы уæнгæй.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

Горæтгæрон районæй

# Скъолайы рацарæзт

**Ногиры музыкалон скъола рацаразыны фæдыл куыстытæ æххæст кæнын райдыдтой. Æххæстæй кæй райхалдзысты, уыцы зæронд бæстыхайы ран фæзындзæн актон залимæ, кусæнуæттимæ, дыууæ уæлæдарæсивæн агъуыстытимæ, буфет æмæ санитарон хатæнтимæ нырыккон дыууæуæладзыгон скъола.**



«Ныридæгæн аразджытæ райхалæн куыстытæ æххæст кæнын райдыдтой. Музыкалон скъоламæ цæуæг 240 сывæллоны ахуыр кæнынц фондз хайады. Рацарæзты фæстæ ам фæзындзысты ног хайæдтæ. Цалынмæ арæзтадон куыстытæ цæуынц, уæдмæ сывæллæттæ музыкалон ахуырад исынц Ногиры 2-æм скъолайы æмæ куыстыты фæудмæ æнхъæлмæ кæсынц», – фыссы Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей Меняйло йæ телеграм-каналы.

Республикæйы разамонæг куыд бафиппайдта, афтæмæй объект сараздзысты национ проект «Культурæ» æмæ республикон программæ «Культурон уавæртæ»-йы фæрцы.

**«ОсНова»**

Энергетикæ

# Электрон хызтæм зилынц

**Компани «Россети Северный Кавказ»-ы специалисттæ пъланон уагæй цалцæг кæнын райдыдтой Алагиры районы сæйраг энергообъекттæй иу – 110-килоВольтон дæлстанцæ «Нузал».**



Цалцæггæнæн куыстытæ æххæстгонд цæуынц ацы азæн нымад «Россети Северный Кавказ»-ы филиал «Севкавказэнерго»-йы энергообъектты техникон цалцæгкæнынады программæмæ гæсгæ. Амынд дæлстанцæ электрон тых дæтты æхсай азæй фылдæры дæргъы. Хæххон хъæуты цæрæг 3,5 мин адæймагæй фылдæр, къорд промышленнон куыстуаты, ахуыргæнæндæттæ, медицинон кусæндæттæ, стæй Цъæйыгомы туристон-рекреацион тæлмы æппæт инфраструктурæ электрон тыхæй æнæлазæй ифтонггонд уыдзысты æви нæ, уый аразгæ у дæлстанцæйы нывыл куыстæй.

Ацы азы сентябры кæронмæ специалисттæ баххæст кæндзысты рæстæмбисон æмвæзады цалцæггæнæн куыстытæ. Дæлстанцæ «Нузал» афоныл цалцæггонд кæд æрцæуа, уæд уыдзæн энергообъекты ифтонггæрзты бахъыгдарды тæссагдзинад фæкъаддæр кæныны æмæ электрон тыхæй фæлхасгæнджыты æнæкъуылымпыйæ ифтонг кæныны фадат.

**«Россети Северный Кавказ»-ы пресс-службæ**

Закъонæвæрынад

# Арæны сæрты хизыны заман

**Уæрæсейы Æдасдзинады федералон службæйы цæгатирыстойнаг арæнхъахъхъæнæг управлени адæмæн æмбарын кæны паддзахадон арæны сæрты хизыны рæстæг Уæрæсейы Федерацийы фæсарæйнаг паспорттæ тæлæт кæнынимæ баст закъонæвæрынады нормæтæй пайдакæнынады фæтк.**

Уæрæсейы Федерацийы Хицауады 2023 азы 9 декабры хаст №2090 Уынаффæйæ бæлвырдгонд цæуынц Уæрæсейы Федерацийы граждæнты фæсарæйнаг праспорттæ тæлæт кæныны бындуртæ:

– фæсарæйнаг паспорты хицауы Уæрæсейы Федерацийы граждайнадæн кæрон сæвæрдæуыд;

– фæсарæйнаг паспорты хицауæн Уæрæсейы Федерацийы граждайнад раттыны тыххæй уынаффæйы аивд;

– фæсарæйнаг паспорты хицаумæ Уæрæсейы Федерацийы граждайнад кæй нæй, уый рабæрæг;

– фæсарæйнаг паспорт мæнг бæрæггæнæнты æмæ гæххæттыты, науæд хиконд бланкы бындурыл кæй сарæзтой, уый раргом;

– фæсарæйнаг паспорты хицауы тыххæй мæнг бæрæггæнæнтæ фæсарæйнаг паспорты фыст кæй сты, уый раргом;

– фæсарæйнаг паспорт, дарддæр пайда кæнынæн кæй нал бæззы, уый рабæрæг (паспорты бланк æцæг у æви нæ, уый сбæлвырд кæныны фадат кæй аххосæй нæй, бланкы хъахъхъæнынады фæрæзты ахæм фехæлд; паспорты бланкы æнæ-хъæндзинад халæг аипп; паспорты фарсы, кæнæ йæ хайы иппæрддзинад æмæ (кæнæ) ихсыддзинад (хъæндзинад); мæнг (рæдыд) бæрæггæнæнтæ (мыггаг, ном, фыды ном, райгуырды бон, мæй, аз æмæ (кæнæ) райгуырды бынат, æрд, фæсарæйнаг паспорт раттæг оргæны ном, фæсарæйнаг паспорты номыр, кæнæ сери; Уæрæсейы Федерацийы паддзахадон арæны сæрты бахизыны тыххæй Æдасдзинады федералон службæйы арæнхъахъхъæнæг оргæны бæрæггæнæнтæ сæвæрынæн бынат æмæ фæсарæйнаг паддзахæдты визæтæ фæсарæйнаг паспорты нæй; паспорты хицауы къамы къуыхцы).

Арæны сæрты хизыны заман дзырддаг фарстатæ цæмæй ма сæвзæрой, уый тыххæй Уæрæсейы Æдасдзинады федералон службæйы цæгатирыстойнаг арæнхъахъхъæнæг управлени адæмæн фæдзæхсы фæсарæйнаг паспорт исыны рæстæг хаст æм бæрæггæнæнтæ биноныг бæлвырд кæнын.

Царды ныв

# Кæдæм?! Æрмæстдæр размæ!

**Мæскуыйы туризмы дунеон форумы Цæгат Ирыстоны стенд бынтон мæгуырау кæй уыд, уый тыххæй республикæйы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО загъта йæ карз хъуыдытæ. Ома, ахæм худинаджы стенд дзы нæма уыд. Иннæрдыгæй куыд райхъуыст, афтæмæй хъуыддагæн лæвæрд æрцыд 1 милуан æмæ 500 мин сомы. Уыдонæй, дам, хъуамæ цы æмæ куыд бацæттæ кодтаиккам, зæгъынц «аххосджынтæ». Æмæ ма æрхастой, Дагестанæн туризмы равдыст бацæттæ кæнынæн 45 милуан сомы кæй радтой, уый дæр.**

Мæ цæстæй акæсгæйæ 1,5 милуан сомæй хæдзар саразæн ис, суанг ма дзы хъæугæ дзаума дæр рацæудзæн. Раст зæгъгæйæ, туризмы тыххæй равдыст никуы цæттæ кодтон, нæ зонын, цытæ рацæудзæн 1,5 милуан сомæн, уый. Фæлæ кæд нæхи, цæгатирыстойнаг туризмы кой кæнæм, уæд уал рæгъмæ рахæссæм, ногæй та зæгъæм, æхсæнадон уазæгдæттæ, ома, туалеттæ, нæм кæй нæй, уыцы æцæгдзинад. Уый тыххæй газеты цалдæр хатты мæхæдæг ныффыстон æрмæджытæ. Цы кæнгæ нын у? Куыд цы?! Уазæгдæттæ, ома, къахæвæрæнтæ, ома, туалеттæ къухæхсæнтимæ аразын!!! Исчи ахъуыды кæндзæн, æвæццæгæн æндæр цæуыл фысса, уый йын нæй. Фæлæ уый нæ царды хай у, æмæ уæдæ хъуамæ йæ кой дæр ма уа?!



Цымæ æндæр рæттæм куы абалц кæнæм, уæд уыдæттæ нæ уынæм? Цæуылнæ сæ бафæзмæм, цы нæ нæ уадзы туалетты арæзтæдтæм бавналын? Кæдмæ ма æнхъæлмæ кæсæм?! Стæй цæмæ?! Ахæм диссаг ма вæййы?! Æз ахæм, дунеон, равдыстытæй тæрсгæ кæнын, мыййаг, нæм куы æрбагуылф кæной туристтæ, искуы сæ фæндагыл æддæмæ акæсын куы бахъæуа, куы нæ ссарой туалет, уæд кæмæ хъæр кæндзысты? Мæскуыйаг дунеон форуммæ, Туризмы комитетмæ, нæ хицауадмæ, æви?! Аргæ та не скæндзысты туалет, уый бæлвырд у.

Алагиры районы фæндæгтæм куы акæсай, уæд æрмæстдæр Майрæмаджы æмæ Хæтæлдоны фæндæгтыл фæзынд æхсæнадон уазæгдæттæ, ома, туалеттæ. Сарæзтой сæ дуканитæй чысыл æддæдæр. Ома, нырыккон фадæттæй æххæст не сты, фæлæ ныхас цæуы æрмæстдæр æхсæнадон бынæттыл! Уырдыгæй рацæугæйæ – æрмæстдæр – Алагиры автостанцæйы, уымæй дарддæр – Буроны, уырдыгæй рацæугæйæ, нæ зонын, туалет не ссардзынæ... Чи зоны, кæцыдæр фысымуаты, кемпинджы сты ахæм санитарон бынæттæ, фæлæ сæм бæлццон цалынмæ схæццæ уа, уæдмæ фæндагыл стыхсдзæн...

Æрæджы æнæнхъæлæджы бафтыдтæн Æрæфы районмæ, раздæр цыдтæн Дыгуры районыл. Цы бафиппайдтон? Иу ран дæр фæндæгты былгæрæттæ быронæй дзаг нæ уыдысты. Сыгъдæг, æфснайд. Уымæй уæлдай дзы туристтæн уæлдай уавæртæ нæ федтон. О, ис дзы кафетæ, ресторантæ, сты горæтты мидæг, фæлæ туристтæн хицæн, уæлæмхасæн уавæртæ нæ федтон. Æвæццæгæн сæ фæлладуадзæн бынæттæм куы бахæццæ вæййынц, уæд сæмбæлынц фадатджын уавæртыл. Нæ федтон æхсæнадон туалеттæ дæр, Æрæфы районы фæндæгтыл æрмæстдæр дыууæ бынаты сты, æндæр – никуы. Æрцæуæггаг туристтæ нæ куы нæ хъусынц, нæхæдæг нæхиимæ куы дзурæм...

Тынг бадис кодтон дыууæ районы сыгъдæгдзинадыл, куыдæй сын афтæ уайы. Рæсугъд, фенынмæ ахсджиаг, аив бынæттæ дзы ис, фæлладуадзæн фысымуæттæ æмæ кемпингтæ дæр дзæбæх ран, бæрзæндты æвæрд сты. Фæлæ сæ фæндæгтæ хъуаг сты туристтæн хъæугæ фадæттæй, кæм кафе сараз, кæм – чысыл хæринаггæнæн бынат, сæ алкæй дæр сфæлгонц кæн уавæртæй, къухæхсæнтæй. Сæ бон истытæ балхæнын куыд уа, кæмдæр сæ фæллад суадзынæн бандæттæ равæр, фæлгæсæн фæзтæ сараз, æндæр цы хъæуы бæлццоны? Æвæццæгæн, районы ис хъæппæрисджын фæсивæд, истæмæйты сæм фæкæсут, бацамонут сын. Уæдæ куыд вæййы?! Уыцы-иу ныхæстæй адæймаг сфæлмæцыд...

Уæд Дыгуры æмæ Æрæфы районты фæндæгтæ афтæ æдзæрæг нæ уыдзысты, æрбацæуæг адæймаг дзы ракæс-бакæс кæнгæйæ нæ агурдзæн æддæмæ акæсæн бынæттæ, фадæттæ, уавæртæ, къофитæ, цайтæ, чъиритæ, æндæр хойраг. Хъуамæ тæккæ æрбацæуæны уой уыдæттæ, адæймаг сæ уайтагъд куыд фена, афтæ. Йæ зæрды сæ бабæрæг кæнын куыд уа, а-ма, уагæры дзы цытæ ис, зæгъгæ, куыд зæгъа. Афтæ сындæг цæмæн змæлæм, цæуылнæ тагъд кæнæм. Кæдæм, фæрсут?! Æрмæстдæр размæ!

Æрмдæсны

# Мады хъæлæсæй дзурæг ирон хъазæнтæ

**Эмилияйы фæлмæн хъазæнтæ ирон æвзагыл сдзырдтой хæрзæрæджы. Чызджытæн сбийы æрвхуыз тæрхъустæ, лæппутæн — морæ æрсытæ. Диссаг та уый у, æмæ сабиимæ ныхас кæнынц ныййарæджы фæлмæн хъæлæсæй.**



«Мæ цардæмбалимæ нын ис дыууæ гыццыл чызджы. Æмæ мæм фæлмæн хъазæнтæ кæныны хъуыды сæ хъомылад æмæ нæ мадæлон æвзаджы хъысмæтыл тыхсгæйæ фæзынд. Сывæллон дзурын нæма базоны, афтæмæй, фыццаджыдæр, фехъусы йæ ныййарæджы хъæлæс. Дзур мадæлон æвзагыл дæ кæстæртимæ, æмæ рох нæ уыдзæн, зынæй дзы ницы ис. Мæ хъазæнтæ та дын уыцы хъуыддаджы кæндзысты æххуыс», — радзырдта **Айларты Эмилия**.



Хъазæны фæрцы сабийæн бацамонæн ис алы хуызтæ, иугай нымад, зарджытæ, æмдзæвгæтæ æмæ æмбисæндтæ. Фæлмæн хъазæнтæ цæмæй «сдзурой», уый тыххæй техникон фæрæз Эмилия балхæдта фæсарæнты. Кусы батарейтæй. Сæ баивын æнцон цæмæй уа, ууыл дæр бакуыста æрмдæсны. Уæдæ йæ куысты пайда кæны, аллергия чи нæ расайдзæн, сывæллонæн ахæм æдас æрмæгæй.

– Æз афтæ нæ зæгъын, æмæ æрмæстдæр мады хъæлæсæн ис ныффыссæн. Дада æмæ нанайы хъæлæстæ дæр тынг хорз сфидаудзысты. Уæдæ дæ зæрдæ цыдæриддæр зæгъы, уый фæлмæн хъазæны фæрцы радзур дæ кæстæрæн, æмæ йæм æхсызгонæй байхъусдзæн, — зæгъы Эмилия.

Айларты Эмилия у журналист. Фыццаг хъазæн сарæзта æхсæз азы размæ. Йæхи аирхæфсын кæныны тыххæй йæ къухтæм райста тæбын æмæ къæндзы. Арс сбийын æй бæргæ фæндыд, фæлæ цæрæгой тынгдæр рауад пингвины æнгæс.

«Куыд æнцон мæм каст, афтæ нæу, уый уайтагъд бамбæрстон, фæлæ тынг сцымыдис дæн. Райдыдтон фæлварын. Нал мын æхсæв уыд, нал – бон. Мæ куыстытæ мæхи зæрдæмæ цæуын райдыдтой æрмæстдæр афæдзы фæстæ», — бафтыдта æрмдæсны.

Арс, зыгъарæг, тæрхъус – абон цыфæнды цæрæгой дæр саразын Эмилия. Уый тыххæй ацыди бирæ сæрмагонд ахуыртæ. Æрыгон сылгоймаг цæттæ кæны ног проекттæ дæр.

**(«Сапæ»)**

# «Рæстдзинад» уе ‘цæг хæлар у!

**Цæмæйты цæры Ирыстон, не ‘хсæнадон уацхæсджытæ цавæр фарстатæ рахæсдзысты рæгъмæ, цы сæ тынгдæр тыхсын кæны, цæуыл у сæ мæт, сæ сагъæс, сæ зæрдæтæ цæмæй барухс вæййынц? Æппæт уыцы фарстытæн дзуаппытæ райсæм, редакцийы постæй нæм сæ фыстæджытæ куы æрбадæттынц, уæд.**

Адæймаджы зæрдæйы цавæрдæр ныфс фæзыны, цыдæр къуылымпытæ йæ нал фæтыхсын кæнынц. Тыхджын у æхсæнадон уацхæсджыты бавнæлд. Мах æй æнкъарæм, бузныг стæм се ‘ппæтæй дæр.




Куыд нæ хъуамæ бацин кæнæм ацы фыстæджытыл, æнæ уыдонæй газет газеты хуызæн нæу. Мæнæ къонвертæй исын Алагиры цæрæг, Тулойты-Кокойты Фатимæйы фыстæг. Алы хатт дæр фæбæрæг кæны газетмæ йæ ахаст, куыд зынаргъ ын у, уыдæттæ ныффыссы. Бузныг, Фатимæ, де ‘рхъуыды бирæ, дæ арфæты аккаг куыд уæм, уымæ мах дæр тырнæм. Фæлæ, уæле, къæлæтджын бандæттыл бадджытæ искуы æрхъуыдыджындæр фæуыдзысты, ууыл тынг не ‘ууæндæм. Нырмæ иронау кæсын чи нæ базыдта, йæхицæн ахæм зын чи не скодта, уымæ цæмæ æнхъæлмæ кæсгæ у? Ницæмæ!

Кæрдзыны хъæуы хистæр, зындгонд уацхæссæг Богазты Арсæмæг цы æрмæджытæ æрбарвиты, уыдон адæймаджы дисы бафтауынц. Раджыйы хабæрттæ, ныры рæстæг, фæлтæрдджын фæллойгæнджытæ, сыхбæсты фидауц – сылгоймæгтæ... Ахæм темæтæ рахæссы рæгъмæ æмæ сæ кæс æмæ кæс. Æрмæст раджыйы заманы æгъдауджын фæсивæды, хистæрты кой нæ кæны Богазты Арсæмæг, куыд аив кафыдысты, куыд рæсугъд змæлыдысты «Хонгæ»-йы, фæлæ фыссы, куыд хызтысты иу æнтыстдзинадæй иннæмæ, куыд нæ тарстысты зындзинæдтæй, куыд уарзтой цард – уыдæттыл ныхас кæны газеткæсæгимæ.

Уæдæ Уæллаг Фыййагдоны цæрæг Фæрниаты Раяйы фыст æрмæджытæ нæ алкæй зæрдæмæ дæр фæндаг ссарынц. Мæнæ цыма æрмæстдæр æгъдауджын, нымдджын адæймæгтыл æмбæлы Рая, афтæ фыссы. Алкæмæ дæр йæ бон ссарын у фæзминаг æууæлтæ. Æцæгдæр афтæ у, нæ алкæй уды дæр æфснайд сты æгъдау, æфсарм, нæ сæ сафæм, хæссæм сæ цардмæ. Иу фæлтæр иннæ фæлтæримæ уыдæтты руаджы ссары бастдзинæдтæ.

Уæдæ Джызæлы цæрæг Хосроты Заремæ «Рæстдзинад» нымайы йæ хуыздæр æмбалыл. Бузныг, уый тыххæй Заремæ, дæ ахаст, дæ зæрдæ куыд нæ аивай, уый нæ фæнды. Рæгъмæ рахæссы царды хъуагдзинæдтæ, тыхстдзинæдтæ, фарстатæ сæвæры. Фæлæ рæсугъд фæсивæды кой дæр арæх кæны. Йæ фæстаг фыстæджы æрхаста, телеканалы кæй федта Бызыккаты Таймураз æмæ Дзускуаты Таймуразы. Зæрдæмæдзæугæ ныхас кодтой иронау. Фæзминаг æрыгæттæ нæм бирæ ис, сæ цæрæнбон дæргъвæтин уæд.

Наркотиктæм йе ‘ргом чи аздæхта, уыдон дæр тыхсын кæнынц Хосроты Заремæйы, куыд ис уавæр банывыл кæнæн, уыдæттыл мæт кæны. Не ‘мбæхсы йæ сагъæс газет «Рæстдзинад»-ы тиражы тыххæй. Цæмæн афтæ уайы, цæмæн æй ныуагътой йæхи бар, уыдон хуымæтæг фарстатæ не сты. Домынц дзуаппытæ... Редакци йæ къухтæ нæ уадзы, нæ бон цы уа, уымæй архайдзыстæм, кусдзыстæм.

Уæдæ Хуссайраг поселочы цард зонæм Къæбысты Отары фыстæджытæй, йæ фиппаинæгтæ, йæ ахаст равдисы йæ фыстæджыты, бафтауы нæ кæм сагъæсы, кæм цины. Цæрукъаты Азæ, Хъуысаты Асæх, Тетаты Эльврик, Юрий Петросовы хъуыдытæ, хатдзæгтæ уайтагъд бынат ссарынц газеткæсджыты зæрдæты. Сæ иу фыстæг дæр хуымæтæджы фыст не ‘рцæуы, куы нæ ивгъуыдмæ ахонынц, куы ныры заман февзæрæм, уæд фидæныл сæмбæлæм. Æхсæнадон уацхæссæг суæвын æнцон нæу, бæрнондзинад дзы ис, уый æмбарынц, газетмæ ныффыссыны хæс йæхимæ чи райсы, уыдон.

Æрхæссæн ма ис иннæ æхсæнадон уацхæсджыты мыггæгтæ дæр, сæ алкæй фыстæг дæр нын ахсджиаг у, æнхъæлмæ сæм кæсæм. Фыссут нæм, фыссут, «Рæстдзинад» уе ‘цæг хæлар у...



**БУТАТЫ Эльзæ**

Хъомылад

# «Аргъæутты дунемæ»



**Нæ кæстæртæ хъуамæ рæвдыд æмæ буцæй хъомыл кæной. Ацы хъуыдыимæ кусæм Дзæуджыхъæуы 83-æм рæвдауæндоны къæсæрæй цы чызджытæ æмæ лæппутæ æрбахизы, уыдоны хи хъæбултау рæвдауæм, Хъомылгæнджытæй алчидæр йæ куыст уарзы æмæ зоны. Цæмæй сабитæ хъæлдзæг æмæ пайдаджынæй æрвитой сæ рæстæг, цæмæй æнæнизæй бахъомыл уой, ууыл архайы æппæт коллектив дæр.**

Ме ’мкусæг **Саулохты Ноннæимæ** архайæм полилингвалон къорды сывæллæттимæ. Сабитæн уарзын кæнæм мадæлон æвзаг, ирон аив ныхасыл сæ ахуыр кæнæм. 3-4-аздзыд сывæллонимæ иумæйаг æвзаг ссарынæн алцыдæр кæнæм хъазгæйæ. Методист **Гатеты Мæдинæимæ** нæ куысты пълан бацæттæ кæнæм. Алы хъуыддагмæ дæр йæ цæст дары рæвдауæндоны сæргълæууæг **Тугъанты Людмилæ**.

Цæмæй сывæллæттæ, фыццаг къахдзæфтимæ бауарзой аивад, сфæлдыстад, уый тыххæй театралон равдыстытæ бацæттæ кæнæм. Аргъæутты хъайтарты сурæт æвдисгæйæ, сабийæн хъæздыг кæны йæ миддуне, йæ ныхасы хъæд. Аргъæуттæ сæ ахуыр кæнынц фæлмæнзæрдæ, ныфсхаст, хæлардзинады миниуджытыл. Театралон хъазты фæрцы алывæрсыг хъуыды кæнын райдайынц. Æрвылаз нæ рæвдауæндоны вæййы «Аргъæутты диссаджы дуне»-йы къуыри. Ныр дæр та, нæ чысыл актертимæ «абалц кодтам» æнæрынцой Тымбылæгимæ, фыссæг Джимиты Кларæйы аргъау «Арс æмæ цуанон»-ы хъайтартимæ балæууыдысты бæрзонд хæххон хъæуы.

Стыр цымыдисæй нæ курдиатджын сабитæ архайдтой, ирон æвзагыл аргъæуттæ «Булкъ», «Тыппырон», «Гыццыл хæдзар», «Мыстытæ» æмæ иннæты. Æвдисæн уыдысты сæ кæрæдзийы арæхстдзинадæн æмæ зæрдиаг къухæмдзæгъд кодтой.

Не стыр бæллиц у, цæмæй рæзгæ фæлтæр уарзой æмæ дзурой иронау.

**КАСАТЫ Иннæ,**
**83-æм рæвдауæндоны хъомылгæнæг**

## Спортивон фидиуæг



### Хъæбысхæст

# Рамбылдтой лицензитæ

**Ивгъуыд къуыри арфæйаг рауад Ирыстоны уæгъдибар хъæбысхæсты минæвæрттæн.**




Бакуйы Олимпиаг хъæзтытæм лицензитæ райсынил цы дунеон турнир цыди, уым уæрæсейаг богæлтты 'хсæн уыдысты **Найфонты Артур** æмæ **Кæсæбиты Алинæ**.

Турниры фыццаг бæрæггонд цыдысты сылгоймæгты 'хсæн лицензи райсджытæ. Уыцы ерысты сæрæн хæст ракодта тренер **Къудухты Оледжы** хъомылгæнинаг Кæсæбиты Алинæ. Уый 62 кг онг уæзы фæуæлахиз цыппар ныхмæлæуууæгыл æмæ рацыд ерысты кæронбæттæнмæ. Турниры фæткмæ гæсгæ, кæронбæттæнмæ рацæуæг дыууæ богалæн дæр лæвæрд цыди лицензитæ, ома дыууæйæ дæр нымад цыдысты уæлахиздзаутыл. Афтæмæй ныр Кæсæбиты Алинæ уæрæсейаг чызг-богæлтты 'хсæн ссис Олимпиаг хъæзтытæм балцæг рамбулæг.



Нæлгоймæгты ерысты Уæрæсейы командæйы сæйраг нысан уыди 86 кг æмæ 97 кг онг уæзты рамбулын. Уыцы уæзты Уæрæсейы номæй хæцыдысты спорты сгуыхт мастер Найфонты Артур (86 кг) æмæ **Алихан Джабраилов** (97 кг), кæцы Бакумæ æрвыст æрцыд Олимпиаг хъæзтыты дыууæ хатты уæлахиздзау **Абдулрашид Садулаевы** бæсты.

Найфонты Артуры архайд рауад раппæлинаг. Уый фæуæлахиз цыппар амæйай тыхджындæр ныхмæлæууæгыл æмæ рацыд кæронбæттæнмæ.

Артуры бафæзмыдта Алихан Джабраилов. Уый дæр фæуæлахиз цыппар ныхмæлæууæгыл æмæ Уæрæсейæн 97 кг онг уæзы рамбылдта лицензи.

Ацы уæлахизты фæстæ Уæрæсейы богæлттæм ныр лицензитæ ис, Олимпиаг хъæзтыты ерыстæ цы 'хсæз уæзы фæцæуынц, уыдонмæ се 'ппæтмæ дæр.

### Футбол

# Нæ та сын бантыст рамбулын

**Ивгъуыд сабат æмæ хуыцаубоны Уæрæсейы фыццаг къорды футболон чемпионаты командæтæ акодтой 26-æм туры хъæзтытæ.**



| Командæтæ | Хъ | Р | Æ | Х | П | О |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. Акрон | 25 | 13 | 6 | 6 | 35-21 | 45 |
| 2. Динамо | 25 | 13 | 5 | 7 | 26-14 | 44 |
| 3. Химки | 24 | 12 | 6 | 6 | 37-27 | 42 |
| 4. Арсенал | 24 | 10 | 11 | 3 | 28-15 | 41 |
| 5. Родина | 25 | 11 | 8 | 6 | 39-21 | 41 |
| 6. Тюмень | 25 | 10 | 7 | 8 | 28-23 | 37 |
| 7. Нефтехимик | 25 | 10 | 7 | 8 | 25-22 | 37 |
| **8. Алани** | **25** | **9** | **10** | **6** | **29-30** | **37** |
| 9. Енисей | 25 | 10 | 7 | 8 | 41-34 | 33 |
| 10. СКА-Хабаровск | 25 | 8 | 7 | 10 | 25-28 | 31 |
| 11. Торпедо Мæскуы | 25 | 8 | 7 | 10 | 21-25 | 31 |
| 12. Шинник | 25 | 8 | 7 | 10 | 29-36 | 31 |
| 13.Черноморец | 25 | 7 | 9 | 9 | 26-29 | 30 |
| 14. КамАЗ | 25 | 7 | 9 | 9 | 23-26 | 30 |
| 15. Ленинградец | 25 | 6 | 8 | 11 | 19-31 | 26 |
| 16. Сокол | 25 | 6 | 7 | 12 | 21-41 | 25 |
| 17. Кубань | 25 | 5 | 7 | 13 | 18-33 | 22 |
| 18. Волгарь | 25 | 4 | 10 | 11 | 20-34 | 22 |

Дзæуджыхъæуы «Алани» 6 апрелы уазæгуаты фембæлд, ныртæккæ чемпионаты 15-æм бынаты чи цæуы, уыцы командæ «Ленинградец»-имæ.

Хъазты 2-æм минутыл «Алани»-йы æрдæгхъахъхъæнæг **Цæллагты Ибрагимы** цæфы фæстæ пурти батахт «Ленинградец»-ы дуары, æмæ «Алани» размæ рацыд 1:0-æй. 10-æм минутыл фысымты хъазæг Максим Бачинский хыгъд сæмхуызон кодта 1:1.

Хъазты дыккаг æмбисы, 50-æм минутыл «Алани»-йы хъазæг **Гаглойты Тарас** хыгъд скодта 2:1 – алайнæгты пайдайæн.

80-æм æмæ 85-æм минуттыл фысимты хъазджытæ **Михаил Горелишвили** æмæ Эдуард Сухановæн бантыст «Алани»-йы дуары дыууæ голы бакæнын, æмæ «Ленинградец» размæ рацыд 3:2 хыгъдæй.

«Алани»-йæн хыгъд 3:3 скæнын бантыст, тæрхонгæнæг цы уæлæмхасæн рæстæг бафтыдта, уый фæрцы. **Николай Гиоргобиани,** 11-метрон иварон цæф кæнгæйæ, нæ фæрæдыд, æмæ хъазт ахицæн хæрæгсастæй 3:3 хыгъдæй.

26-æм туры фембæлдтытæ ахицæн сты ахæм хыгъдтимæ: «Тюмень» – «Шинник» – 0:2, «Акрон» – «Торпедо» – 2:1, «Ленинградец» – «Алани» – 3:3, «КамАЗ» – «Волгарь» – 2:2, «СКА-Хабаровск» – «Нефтехимик» – 0:1, «Сокол» – «Родина» – 1:1, «Черноморец» – «ПФК-Кубань» – 3:0, «Динамо» (Махачкала) – «Енисей» – 1:0.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## Аивад

# Йæ фæстæ рæсугъд фæд ныууагъта

**Зындгонд нывгæнæг æмæ зарæггæнæг Сæбанты Хаджумары Ирыстоны чи нæ зоны, ахæм бирæ нæ разындзæн. 4 апрелы уыдис йæ райгуырæн бон, æмæ йæ 95 азы фæдыл Тугъанты Махарбеджы номыл аивадон музей сарæзта равдыст. Фенæн дзы уыд канд йæ нывтæ нæ, фæлæ, хъæдæрмæгæй цы диссæгтæ сарæзта, уыдон дæр. Уырдæм хъуыстгонд нывгæнæг æмæ зарæггæнæджы ном æрымысынмæ æрбацыд Дзанайты Ольгæйы хоры къорд. Хаджумар бирæ азты фæзарыд ацы къорды, йæ аив æмæ тыхджын хъæлæс абон дæр рох нæу йæ аивадуарзджытæй.**

Сæбанты Хаджумар райгуырд Дыгургомы Нарыхъæуы. Нывкæнынад бауарзта, райдиан скъолайы ма куы ахуыр кодта, уæд, фæлæ йыл профессионалон æгъдауæй ахуыр никуы кодта. Йæ цæст дардта, журналтæ æмæ газетты кæй уыдта, уыцы ирон нывгæнджыты сфæлдыстадмæ.

Астæуккаг скъолайы цыппар азы куы сахуыр кодта, уæд райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст. Бахъуыд æй йæ ахуыр ныууадзын æмæ колхозы кусын.



1945-1946 азты иннæ æрмдæсныты хуызæн æхсæрдæсаздзыд Хаджумар арæзта цыртытæ йе 'мзæххонтæн, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты чи фæмард, уыдонæн.

1947-1948 азты хъæдæрмæгæй арæзта бæгæны нуазæн къустæ æмæ æндæр хæдзары хъæугæ дзауматæ. Æрдз ын дыууæ сыгъзæрин къухы балæвар кодта, æмæ алцæмæ дæр арæхст.

1962 азы Сæбанты бинонтæ ралыгъдысты Горæтгæрон районмæ æмæ æрцардысты Камбилеевкæйы. Ам Хаджумар фыццаг архайдтой хæдахуыр аивады республикон равдысты.

Йе 'взонг азтæй фæстæмæ Хаджумар куыста хъæдæрмæгимæ, фæлæ уæддæр йæ царды стырдæр бæллиц уыд нывгæнæг суæвын. Æрмæст 1970 азы райдыдта нывтæ кæнын. Йæ фыццаг куыстытæ 1973 азы хæдахуыр аивады равдысты куы архайдтой, уæд канд хуымæтæг адæмы нæ, фæлæ, нæ республикæ æмæ, æгас бæстæйыл дæр зындгонд чи уыд, уыцы нывгæнджыты дæр дисы бафтыдтой. Йæ нывты "Æрыгон мæй", "Фынæй", "Хос ласынц", "Зæхкусæг æмæ абырджытæ" хъæздыг ахорæнтæй, æцæг профессионалау, цы арф хъуыдытæ бавæрдта, уый равдысты уазджытæ æнæ банкъаргæ нæ уыдысты. Йæ нывты сюжеттæ равзæрдысты йæ сабибонты мысинæгтæй, сæрибар лæппуйы цардæй рæсугъд æрдзы хъæбысы.

Йæ нывты Хаджумар æвдыста æцæг хабæрттæ дæр. Зæгъæм, ныв "Фæдзæгъæл"-ы æвдыст æрцыд, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг 1942 азы немыцы æфсæдтæ Дур-Дур куы бацахстой, уæд адæм хъæдмæ фæлыгъдысты. Иу гыццыл чызг фæстейы аззад æмæ хъæды фæдзæгъæл. Цас дзы фæци, чи зоны, фæлæ йыл дыууæ фыййауы амбæлдысты. Сывæллон тымбылæй хуыссыд хус сыфтыл. Хæст фæци. Азтæ цыдысты. Чызг байрæзыд, йæ амонд ссардта. Уый фæстæ-иу Хаджумар арæх фембæлд уыцы сылгоймагыл.

Иннæ ныв – "Лæппу æмæ цæргæсы таурæгъ"-ы адæм нæлгоймагæй, сылгоймагæй архайынц хосгæрсты, æнахъом сывæллоны та иуварс кæрдæгыл æрæвæрдтой. Иуафон сабимæ калм æрбабырыд, фæлæ йæ, арвыл тæхгæйæ, цæргæс ауыдта æмæ йыл йæхи рауагъта. Афтæмæй сывæллон аирвæзт, кæд егъау цæргæсы базыртæй фæтарст, уæддæр.





куыста хъæддæсныйæ, уый фæстæ та зырнæйзилæгæй цехы. Йæ хъæдын къустæ æмæ скульптурæ «Бæх æмæ бирæгъ" 1969 азы фыццаг хатт Хаджумар æмбырд кодта адæмон сфæлдыстад, аргъæуттæ, таурæгътæ æмæ сæ хъæздыг ахорæнтæй сæнусон кодта йæ нывты. Йе сфæлдыстады-иу цыма йæхæдæг аргъæутты дунейы фестад, афтæ дзы йæ сывæллоны бонты æнкъарæнтæ æмæ бæллицтæ æвдыста. Куы-иу Нарты Ацæмæз фестад йæ сыгъзæрин уадындзимæ, куы та Тимур-Алсахъ.

Афтæ нывгæнæг йæ æрдзон курдиаты фæрцы хъæздыг ахорæнтæй нывæзта аргъæутты дуне æмæ царды æцæгдзинад дæр.

**ГÆБУАТЫ Галинæ**

## Дины бæрæгбон

# Пысылмæтты Комуадзæн

**Абон хурныгуылды фæстæ пысылмон диныл хæст адæм суадздзысты сæ ком. Ацы аз комбæттæны райдайæн æрцыд 10 мартъимæ, ахаста æртын боны. Куыд арвыстой бæрæгбон Турчы цæрæг ирæттæ, уый фæдыл нæ уацхæссæг ныхас кодта горæт Инагулы цæрæг Хъуысаты Маулудимæ.**



Бурса, кæнæ ма йæ Инагуль дæр хонынц. Турчы, иннæ горæттимæ абаргæйæ, чысыл у, цæры дзы æрмæстдæр мин адæймаджы. Сымойы хъæуæй рацæуæг Хъуысаты бинонтæ æрбынæттон сты ам. Маулуды ныхæстæм гæсгæ, горæты абоны онг ирæттæй цæры дыууæсæдæ хæдзары, сæ æрвылбоны хъуыддæгтыл у сæ сагъæс цæрджытæн. Рæстæджы цыды кæрæдзимæ арæх нал цæуынц, нал æмбæлынц, фæлæ архайынц фыдæлтæй баззайгæ хъуыддæгтыл кæстæрты амидин кæнын.

Маулуд кæд Турчы райгуырд, уæддæр хорз зоны, йæ уидæгтæ кæцæй рацыдысты, уый. Джуджиатæй стæм, Джуджейы цоты фæдонтæ, зæгъгæ нын йæ мыггаджы равзæрды тыххæй бамбарын кодта Хъуысайы-фырт. Хъуыса та уыд Джуджейы байзæддаг, æмæ, йæ фæстæ цы фæлтæртæ уыд, уыдон хæссынц Хъуысаты мыггаг.

Йæ зæрдæйы хъыг нын раргом кодта, йæ сагъæс кæй у, Турчы цæрæг ирæтты ног фæлтæртæ сæ мадæлон æвзаг стæмтæй фæстæмæ кæй нал зоны, уый. Бафиппайын хъæуы уый, æмæ Маулуд йæхæдæг иттæг хорз кæй халы йæ хъуыдытæ йæ мадæлон æвзагыл. Хæдзары, зæгъы, бæргæ дзурæм семæ, фæлæ, ахуырмæ куы афтынц, кусын куы райдайынц, уæд паддзахадон куыст туркаг æвзагыл æвæрд у, æмæ йæ ферох кæнынц, нал фæдзурынц иронау. Маулуды кæстæртæ – чызг æмæ лæппу дæр уыцы уавæры сты, æмæ ууыл у йæ катай. Бæрæгбætты рæстæг, уыимæ, ныр дæр Турчы цæрæг ирæттæ æмбæлынц кæрæдзиуыл, сæ зонгæдзинад парахат кæны, кæрæдзийæн сæ зæрдæбын ныхæстæ фæкæнынц. Æрмæст уый дæр бирæйы аргъ у!

– Бæрæгбон дзæвгар рæстæг ахæссы. Æртæ боны улæфты рæстæг вæййы, паддзахадон куыстыл хæст чи у, уыдонæн. Ком даргæйæ, архайынц æппæт дæр сыгъдæг дарыныл. Æвдыз сисынц, къухтæ, къæхтæ цæхсынц, стæй, мæзджытмæ цæугæйæ, хæрздæф дон сæ уæлæ бапырх кæнынц. Майрæмбоны стыр къордтæй, æмбырдæй мæзджытмæ араст вæййынц ламаз кæнынмæ. Бонмæ йæ ис фондз хатты скæнæн. Адæймагæн йæ рæстæг кæд амоны æмæ тырны ламаз уал хатты скæнынмæ, уæд. Арæхдæр æртæйыл банцайынц. Хъуыранæй дæр истытæ бакæсынц, – бæрæгбон куыд æрвитынц, уый тыххæй нын дзуры Маулуд.

Комуадзæн æхсæвы фæстæ райсомæй сывæллæттæ сыстынц, сæ дзыппытæ, дзæкъултæ байдзаг кæнынц адджинæгтæй æмæ сыхæгтыл азилынц. Уый фылдæр хъæутæ æмæ Бурсайы хуызæн чысыл сахарты кæнынц, егъау горæттæй хъауджы.

Турчы ацы бæрæгбон Рамазан хонынц. Куыд растдæр у, Рамадан æви Рамазан, фарстæн мын ме 'мныхасгæнæг бамбарын кодта, сæ дыууæ дæр раст кæй сты. Ацы изæр, хур куы аныгуыла, уæд пысылмæттæ суадздзысты сæ ком æмæ сбæрæг кæндзысты дины фондз сæйрагдæр бæрæгбæттæй иу – Ураза-байрам, кæнæ ма йæ хонынц Ид аль-Фитр дæр.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

**Профессион æгъдауæй бæлæстæм базилдзыстæм æмæ, цалынмæ къуыбар нæ рафтыдтой, уæдмæ сæ хъæугæ хосæй бапырх кæндзыстæм.**
**Бадзурæн ис ахæм телефонтæй:**
**8-928-856-90-89, 8-928-856-90-83 (Руслан).**

Номыры радхæссæг редактор — **Хъойбайты Галинæ.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33**. Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89**. Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19**. Сæрмагонд уацхæссæг: **Гасанты Валери — 25-91-92**. Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Мамиаты Лолитæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ 25-96-31**. Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54**. Рекламæйы хайады сæргълæуæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03**. Корректортæ — **25-93-36**, компьютерон цех — **25-93-97**.

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 3242. Заказ № 368. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**